Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

ЧЕРКЕС

ПЛЪЫЖЬ

КПСС(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм и депутатхэм я Облсоветым, горкомым я оргэнщ

№ 86 (2313) Махуэку, июлым и 27-м 1944 гъ. И уас. кI. 20

Верховнэ Главнокомандующэм и ПРИКАЗ

Советскэ Союзым и Маршал ГОВОРОВЫМ

Ленинградскэ фронтым и дзэхэр **Нарва** районым сэк наступлениемрэ хуэкIуэхэкIэрэ, пхатхъащ хуабжьу гъэбыдэ, куэ эшелонированнэу щыт бийм и оборонер икIи къыпакIухьурэ ирагъэкIуэкIа маневрэхэрэ фронтальнэ атакэхэмрэ къыхэкIыкIэ, нобэ, июлым и 26-м, ебгъэрыкIуэхэри къащтащ город икIи крепость **Нарва**—Эстониям и екIуэлапIэхэм деж гъуэгухэр зэхуищIыжу район гъэбыдауэ щытар.

Нарва городыр къэщтэныгъэмкIэ екIуэкIа зауэхэм деж нэхъ щапхъэфIхэр къагъэлъэгъуахэщ генерал-полковник **Чуйков**, генерал-лейтенант **Глазунов**, генерал майор **Шеменков** сымэ я дзэхэм; танкыдзэхэм я генерал-майор **Радзиевский**, танкыдзэхэм я генерал-майор **Дубовой**, танкыдзэхэм я генерал-майор **Веденеев**, полковник **Абрамов**, полковник **Копылов**, полковник **Стуков**, полковник **Муров**, полковник **Потапов**, полковник **Либерман**, полковник **Кровс**, подполковник **Макаров**, подполковник **Черенкин**, майор **Гуренко**, майор **Бардников**, майор **Бударин**, майор **Горбатенко**, капитан **Серников**, капитан **Ефремов** сымэ я танкистхэм; полковник **Каган**, полковник **Пешаков**, майор **Шимгкава**, майор **Мазалов**, майор **Монсеенко**, майор **Мыцик** сымэ я артиллеристхэм; авиациям и генерал-лейтенант **Павлинин**, полковник **Миронов**, полковник **Тимофеев**, полковник **Гращенков**, полковник **Сухорябов**, подполковник **Гаврильченко**, майор **Фадин** сымэ я летчикхэм; подполковник **Левин**, майор **Чистяков**, майор **Бойко**, капитан **Пятчин** сымэ я саперхэм; полковник **Беленко**, подполковник **Игнатьев**, майор **Ульяненко**, капитан **Мухтинец** сымэ я связистхэм.

Къэлъэщэ хъуа текIуэныгъэхэр гъэлъэпIэным щхьэкIэ город икIи крепость **Демблин** къэщтэныгъэмкIэ екIуэкIа зауэхэм деж нэхъ щапхъэфI къэзыгъэлъэгъуа соединениехэмрэ частхэмрэ **„Демблинскэхэщ"** жэуэ цIэхэр фIащыну икIи орденхэр награду иратынхэу гъэувын.

Нобэ, июлым и 26-м, сыхьэт 23-м деж ди Родинэм и столицэ **Москва** Родинэм и цIэкIэ салют яретыр, город **Демблин** къэзыщта 1-рей Белорусскэ фронтым и дзэ лIыхъужьхэм — топ щитIрэ тIощIрэ плIырэр тIощIрэ зэдэуэхэкIэрэ.

Зауэм фIагъыр хэлъу зэрырагъэкIуэкIам щхьэкIэ, Фэ фIэщIэлъ дзэхэу, **Демблин** хуит къэщIыжыныгъэ зауэм хэтахэм псоми **фIыщIэ яхузощIыр**.

Мыкlуэдыжыну щытхъу ди Родинэм и хуитыныгъэмрэ икIи ар зыми емыпхауэ щытыныгъэмрэ щIэзэуэхэкIэрэ зи гъащIэр зыта лIыхъужьхэм!

Ирелlэ немецкэ зэрыпхъуакIуэхэр!

Верховнэ Главнокомандующэ Советскэ Союзым и Маршал И. СТАЛИН.

Июлым и 26-м 1944 гъэм.

Верховнэ Главнокомандующэм и ПРИКАЗ

Советскэ Союзым и Маршал РОКОССОВСКЭМ

1-рей **Белорусскэ** фронтым и дзэхэм, танковэ соединениехэм, пехотэм псынщIу ирагъэкIуэкIа атакэм къыхэкIыкIэ, ебгъэрыкIуэхэри къащтащ город икIи крепость **Демблин** (Ивангород)—**Висла** псым деж немецхэм я оборонэмкIэ щIэгъэкъуэн мыхъэнэшхуэ зиIэ пунктыр икIи гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэ иныр.

Демблин городыр къэщтэныгъэмкIэ екIуэкIа зауэхэм деж нэхъ щапхъэфIхэр къагъэлъэгъуахэщ генерал-полковник **Чуйков**, генерал-лейтенант **Глазунов**, генерал майор **Шеменков** сымэ я дзэхэм; танкыдзэхэм я генерал-майор **Радзиевский**, танкыдзэхэм я генерал-майор **Дубовой**, танкыдзэхэм я генерал-майор **Веденеев**, полковник **Абрамов**, полковник **Копылов**, полковник **Стуков**, полковник **Муров**, полковник **Потапов**, полковник **Либерман**, полковник **Кровс**, подполковник **Макаров**, подполковник **Черенкин**, майор **Гуренко**, майор **Бардников**, майор **Бударин**, майор **Горбатенко**, капитан **Серников**, капитан **Ефремов** сымэ я танкистхэм; полковник **Каган**, полковник **Пешаков**, майор **Шимгкава**, майор **Мазалов**, майор **Монсеенко**, майор **Мыцик** сымэ я артиллеристхэм; авиациям и генерал-лейтенант **Павлинин**, полковник **Миронов**, полковник **Тимофеев**, полковник **Гращенков**, полковник **Сухорябов**, подполковник **Гаврильченко**, майор **Фадин** сымэ я летчикхэм; подполковник **Левин**, майор **Чистяков**, майор **Бойко**, капитан **Пятчин** сымэ я саперхэм; полковник **Беленко**, подполковник **Игнатьев**, майор **Ульяненко**, капитан **Мухтинец** сымэ я связистхэм.

Къэлъэщэ хъуа текIуэныгъэхэр гъэлъэпIэным щхьэкIэ город икIи крепость **Демблин** къэщтэныгъэмкIэ екIуэкIа зауэхэм деж нэхъ щапхъэфI къэзыгъэлъэгъуа соединениехэмрэ частхэмрэ **„Демблинскэхэщ"** жэуэ цIэхэр фIащыну икIи орденхэр награду иратынхэу гъэувын.

Нобэ, июлым и 26-м, сыхьэт 23-м деж ди Родинэм и столицэ **Москва** Родинэм и цIэкIэ салют яретыр, город **Демблин** къэзыщта 1-рей Белорусскэ фронтым и дзэ лIыхъужьхэм — топ щитIрэ тIощIрэ плIырэр тIощIрэ зэдэуэхэкIэрэ.

Зауэм фIагъыр хэлъу зэрырагъэкIуэкIам щхьэкIэ, Фэ фIэщIэлъ дзэхэу, **Демблин** хуит къэщIыжыныгъэ зауэм хэтахэм псоми **фIыщIэ яхузощIыр**.

Мыкlуэдыжыну щытхъу ди Родинэм и хуитыныгъэмрэ икIи ар зыми емыпхауэ щытыныгъэмрэ щIэзэуэхэкIэрэ зи гъащIэр зыта лIыхъужьхэм!

Ирелlэ немецкэ зэрыпхъуакIуэхэр!

Верховнэ Главнокомандующэ Советскэ Союзым и Маршал И. СТАЛИН.

Июлым и 26-м 1944 гъэм.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Июлым и 25-м и оперативнэ сводкэ

Июлым и 25-рэр екIуэкIыхункIэ ПСКОВ городым и ипщэ-къухьэпIыIуэкIэ ди дзэхэм зауэкIэ къащтащ къуажэ 40-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ ЛАКЕМЦОВО, БЕЛОХВОСТОВА, САМОХВАЛОВА, КАЧАНАВА, АКСЕНАВА, ТЭПЕНИ, ПАМЕЙРОВА, ВИЛАКА, СВИЛЬПОВА, гъущIгъуэгу станцу ЖИГУРИ.

ДВИНСК направлением деж, ди дзэхэм бийм и контратакэхэм зыдэпырагъэгъазэкIэрэ, наступление зауэ ирагъэкIуэкIащ икIи а зауэхэр здрагъэкIуэкIым къуажэ 20-м щIигъу, къащтащ абыхэм ящыщхэщ ГУТЕНЕ, КАЛЬКИ, ВАСИЛЕВО, РУБЕНШКИ, ОРБИДАНИ, гъущIгъуэгу станцхэу МЕДУПЕ, ВАБОЛЕ. Ди дзэхэм зэпаупщIащ ДВИНСК — РИГА гъущIгъуэгур.

БЕЛОСТОКСКЭ направлением деж ди дзэхэр зауэхэурэ ипэкIэ кIуэтахэщ икIи къащтащ къуажэ 60-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ Белостокскэ областым и районхэ центр ЗАБЛУДОВ, къуажэхэу ЛИПСК, ХИЛЬМОНЫ, НОВЫЙ ДВОР, СУПРАСЛЬ, КАРАКУЛЬЕ, СОВМЯНЫ (Белосток и ищхъэрэ-къуэкIыпIэIуэкIэ километри 4), ЕРОТАСЫ, гъущIгъуэгу станцхэу БЕЛОНЫ, САПОЦКОВЦЫ.

ЛЮБЛИН городым и ищхъэрэкIэ икIи и къухьэпIэкIэ ди дзэхэм наступлением зырагъэубгъуэкIэрэ, къащтащ къуажэ 200-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу ЛОМАНД, ШУСТКА, КРЫНКА, ЧЕМЕРНИКИ, ТАРКАВИЦА, ФИРЛЕЙ, ЮБАРТУВ, КУРУВ, НАЛЕНЧУВ, гъущIгъуэгу станцхэу БЕЗВОЛЯ, МОТЫЧ, САДУРКИ.

ХЕЛМ (ХОЛМ) городым и къухьэпIэIуэкIэ икIи и ипщэ-къухьэпIэIуэкIэ ди дзэхэм ехъулIэныгъэ хэлъу наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIащ, а зауэхэм здрагъэкIуэкIым къащтащ город КРАСНОСТОВ, город ЗАМОСТЬЕ, абхуэдэ къабзу зауэкIэ къащтащ нэгъуэщI къуажи 100-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ къуажэшхуэхэу ГРАВНИКИ, ЮЗЕФУВ, КРУПЬЕ, ЗАСТАВЕ, УДРЫЧЕ, СИТНО, БЯЛОВОЛЯ, ШВЕНЯ, КОСОЛУДЫ, РУДКА, ЛИНОВЕЦ, гъущIгъуэгу станцхэу РЕЙОВОЦ, КАНЕ, ГРАВНИКИ, БЗИТЕ, КРАСНОСТОВ, ЗВЕЖИНЕЦ, БУКОВНИЦА.

ЛЬВОВСКЭ направлением деж ди дзэхэм наступлением зырагъэубгъукIэрэ, къэщтахэщ Львовскэ областым и районхэ центрхэу город ЯНОВ, городхэу ГОРОДОК, СОКОЛЬНИКИ, Дрогобычскэ областым и районкI центр город РУДКИ, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтахэщ нэмыщI къуажи 150-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр ЯРЫЧЕВ НОВЫЙ, БАРЩОВИЦЫ, РОМАНОВ, ВОДНИКИ, ДАВИДОВ, СИХУВ, КОЖЕЛЬНИКИ, ЗУБЖА, СОЛОНКА, ТОМЦУВ, гъущIгъуэгу станцхэу ДАВИДОВ, СИХУВ, ОБРОШИН, ГОРОДОК. Город ЛЬВОВ и районым деж ди дзэхэм бийм и дзэ къаухъуренхьыныгъэр яухащ икIи городыбгъухэм деж зауэ ирагъэкIуэкIыу щIадзахэщ. Ди дзэхэм пленэ закъыхунщIащ и штабрикI и гъусэу, уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ 13-рей немецкэ армейскэ корпусым и командир инфантерием и генерал ГАУФФЕ.

СТАНИСЛАВСКЭ направлением деж ди дзэхэм наступательнэ зауэ ирагъэкIуэкIахащ, зауэкIэ къащтащ Станиславскэ областым и районхэ центрхэу БОЛЬШОВЦЫ, ЖОВТЕНЬ, ОТЫНЯ, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтахэщ нэмыщI къуажэ 80-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр КОМАРУВ, СЕЛЕЦ, ДОБРОВЛЯНЫ (город СТАНИСЛАВ километри 6-кIэ и ищхъэрэ-къуэкIыпIэIуэкIэ), ОЛЬШАНИЦА, ОЛЕЩУВ, ОКНЯНЫ, ОЛЕША, ТАРНОВИЦА, ПОЛЬНА, ГОСТУВ, ГАВРЫ, ЛОВКА, ПАРИШИ, МАЙДАН ГОРИШНИЙ, гъущIгъуэгу станцхэу БОЛЬШОВЦЫ, ДУБОВЦЫ, ЖОВТЕНЬ, ОЛЕЩУВ, ГОЛОШКУВ, ОТЫНЯ, ТАВМАЧИК.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июлым и 24-м и кIуэцIкIэ ди дзэхэм фронтпсом дежи немецкэ танк 103 зэхакъутахэщ. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 36 кърауды хащ.

Нормэм щIырагъэгъуэхэр

Кlуэдыжь районым щыщ Iэнэкlэ зэджэ колхозым хэт гражданин Керейтов, Василий и кlэлэгъэхэр, нэмыкlхэр, Абыхэм норматхэр ягъэлъэшэщ, махуэм пашхэм хуейуэ гектар 2,30. Абы ипэкIэ абыхэм паупщIахэр гектарищ. Гуэдзыпхэхэм ящыщу фIыуэ мэлажьэр звеньевой Капарова. Махуэ къэхъукъым абы нормэм щIигъуу имыгъэзащIу.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКІЫУ

Июлым и 26-м и оперативнэ сводкэ

ЛЕНИНГРАДСКЭ фронтым и дзэхэр, НАРВА районым деж наступлением хузэкІуэхэри, зэпхатхъащ икъукІэ лъэщу гъэбыдэ, бийм и оборонэм эшелонированну куу хыхьэр, псынщІу кІыпэкІухь маневрэхэмрэ фронтальнэ атакэхэмрэ кІэкІэ, июлым и 26-м ебгъарыкІуэхэри къащтащ город икІи крепость НАРВА, абы хуэдэ къабзу зауэкІэ къащтахэщ нэмыщІ къужьэ 20-м щІигъу, абыхэм ящыщхэщ НАРВА-ИЭСУ, МЕТЕКИ, МЕРЕКЛЯ, ПУХКОВА, ВОДАВА, ПОЭМУРРУ, КРЕНГОЛЬМ, УДРИЯ, САМОКРАС, гъущІгъуэгу станцхэу САЛДИНО-ЯМ, АУВЕРЕ.

Город ПСКОВ и ищхъэрэ-къухьэпІэІуэкІэ ди дзэхэм зауэкІэ къащтахэщ къужьэ 30-м щІигъу, абыхэм ящыщхэщ ПОДГРАМЬЕ, ЗАГЪУ, абыхэм ящыщхэщ ПШЕВЕЛЕВО, УСАДИЩЕ, ПОРТОВИК, ЕРЛЫКИ, РИСАВА, гъущІгъуэгу станцу КУПРАВА.

ПАНЕВЕЖИС городым и ищхъэрэ-къухьэпІэ, и щ« лъэныкъуэхэм деж ди дзэхэм наступательнэ зауэ ирагъэкІуэкІахэщ, зауэкІэ къащтахэщ къужьи 150-м щІигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къужьэщхуэхэр МЕШКАДУКИС, ТУШАЛОТАС, КАТКУНЫ, РОЗАЛИН, СМИЛЬГИ. ШАДОВ, БЕЙНАРОВО, ВОДОКТЫ, КРАКИНОВО, гъущІгъуэгу станцхэу БЕРЧУНАЙ, ГУССТОНИС, ДОПИСОНАЙ, ЛАБА, БЕРНАПОНЯЙ, СКАЙСГИРИС, МЕДИКОНЯЙ, ПУШАЛОТАС, ВАЙТКУНЯЙ.

1-рей БЕЛОРУССКЭ фронтым и дзэхэм, танковэ соединениехэмрэ пехотэмрэ псынщІу ирагъэкІуэкІа атакэхэм кІыхьэкІкІэ, ебгъэрыкІуэхэри къащтащ гъущІгъуэгу зэхыхьэпІэшхуэ, ВИСЛА псым деж немецхэм я оборонэм и щІэгъэкъуэн мыхьэшхуэ зиІэ пункт город икІи крепость ДЕМБЛИН (Ивангород), абы хуэдэ къабзу зауэкІэ къащтахэщ нэмыщІ къужьи 100-м щІигъу, абыхэм ящыщхэщ город БЯЛАПОДЛЯСК, город ПУЛАВЫ, абыхэм ящыщхэщ мы къужьэщхуэхэр САРОКОМЛЯ, КОЦК, ЛИСОБИКИ, МИХУВ, БАРАНУВ, РЫКИ, БАЛТУВ, ОСЫНЫ, КЛИМЕНТОВИЦЕ, гъущІгъуэгу станцхэу БЯЛАПОДЛЯСК, РЫКИ, СТАВЫ, ЧОХЭУ БЯЛАПОДЛЯСК, РЫКИ, ПУЛАВЫ, КЛЕЛОМА, ВЫЛКА-ПРОФЕЦК, ПУЛАВЫ, КЛЕМЕНТОВИЦЕ, НАЛЕНЧУВ.

Город ЗАМОСТЬЕ и ищхъэрэ-къухьэпІэІуэкІэ икІи и къухьэпІэІуэкІэ ди дзэхэм наступление ирагъэкІуэкІащ, зауэкІэ къащтахэщ нэмыщІ къужьи 80-м щІигъу, абыхэм ящыщхэщ къужьэщхуэхэр НЕМЕНИЦЫ, ПЯСКИМЫ къужьэщхуэхэр НЕМЕНИЦЫ, ПЯСКИ-ШЛЯХЕЦКА, ИЗБИЦА, ВЕЛОНЧА, ЗАМОЙСКЕ, ТУЖЕНЕЦ, КОРИТКУВ, ДОМОСТЫВА, ЯСТКОВИЦЕ, ЦІЯНУВ, гъущІгъуэгу станцхэу ИЗБИЦА, РУСКЕПЯСКИ, ЗАВАДА, КЛЕМЕНСУВ.

ЛЬВОВ районым деж ди дзэхэм бийм и дзэ къаухъуренхьахэр зэтраукІэныгъэмкІэ зауэ ирагъэкІуэкІахэщ.

СТАНИСЛАВСКЭ направлением деж ди дзэхэм, ехъулІэныгъэ хэлъу наступлением зырагъэубгъукІэрэ, къащтащ Ставиславскэ областым и районнэ центр городхэу БУРШТЫ, ТЛУМАЧ, ТЫСМЕНИЦА, НАДОРНАЯ, ДЕЛЯТИН, абы хуэдэ къабзу зауэкІэ къащтахэщ нэмыщІ къужьи 100-м щІигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къужьэщхуэхэр ЧАГРУВ, МЕДЫНЯ, СТУДЗЯНКИ, ВОЛЧИНЕЦ, ЧЕРНИЮВ, ВОЛОСУВ, ПАРИШЕ, ЗАЖЕЧЕ, гъущІгъуэгу станцхэу МАРТЫНУВ, БУРШТЫН, БЕДНАРУВ, ПАВЕЛЬЧЕ, ЯМНИЦА, ТЫСМЕНИЦА, ХРЫПЛИН, ТЫСЬМЕНЧАНЫ, ЦУЦЫЛУВ, НАДВОРАНАЯ, ДЕЛЯТИН, ПАНЧИН.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкІыныгъэ щІагъуэ къыщыхъуакъым.

Июлым и 25-м и кІуэцІкІэ ди дзэхэм фронт псэм дежи зэхакъутахэщ немецкэ танк 88. Хьэуэм щекІуэкІа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафІэмрэ бийм и самолет 35 къыраудыхащ.

Советскэ Союзым Польшэм щытыкІэу хуиІэмкІэ СССР-м и Наркоминделым и заявление

Советскэ Правительствэм СССР-м и Хамэ Къэрал Іуэхухэмкіэ Народнэ Комиссариатым и пщэ ирилъхьащ мы къэкІуэну заявленнер ищІыну:

Краснэ Армияр, ехъулІэныгъэ хэлъу ипэкІэ кІуатэкІэрэ, Советскэ Союзымрэ Полшэмрэ я государственнэ границэм бгъэдыхьащ. Отступать зыщІ германскэ армияхэр яхужкІэрэ, советскэ дзэхэмрэ советскэ германскэ фронтым щызауэ Польскэ армиямрэ **Западнэ Бут** псым зэпырыкІхэщ, советскэ-польскэ границэр зэпауищІри Польшэм и щІым ихьахэщ. АбыкІэрэ щІадза хъуащ гугъуехь куэд зышэча ди къуэш польскэ народыр немепкэ оккупациям къызэщІэгъэкІыжыныгъэр.

Советскэ дзэхэр Польшэм и щІым ихьахэщ зы мурад закъуэ яІэу—бий германскэ дзэхэр зэтыраукІэну, дыІэпыкъуну польскэ народыр немецкэ зэрыпхъуакІуэхэм я пщылІыпІэм кІишъжа хъуныгъэмкІэ икІи зыми емыпха, къаруушхуэ зиІэ демократическэ Польшэр зэфІэгъувэжа хъуным щхьэкІэ.

Советскэ Правительствэм жеІэр, Краснэ Армиям Польшэм и щІым щыригъэкІуэкІ зауэр щІихь, щытыкІэф, зыхуиІэн союзэгъуу щыт государствэм и щІым щырыгъэкуІэкІ зауэу. Абы къыхэкІкІэ Советскэ Правительствэм гугъэ лъэпкъ имыІэу Польшэм и щІым и администрациям я орган щигъэувыну, ар езы польскэ народым и Іуэхужу. Абы щхьэкІэ Советскэ Правительствэм и гъэуващ Национальнэ освобождением и Польскэ Комитетым зэзэгъыныгъэ иригъэкІуэну Советскэ Командованиемрэ Польскэ администрациямрэ щытыкІэу зэхуаІэнумкІэ.

Советскэ Правительствэм жеІэр польскэ щІым щыщ зэрихьэлІэну е Польшэм и кІуэцІкІэ общественнэ щытыкІэр зэрихъуэкІын мурадыр имыІэу, Польшэм и щІым щекІуэкІ зэр амал имыІэу къызхэкІар зауэныгъэмрэ икІи зэхущытыкІэфІ зыхуиІэ польскэ народым дыІэпыкъуэгъу иритыныгъэмрэ арауэ, ар немецкэ оккупантхэм къаІэщІэгъэкІыжа хъуным щхьэкІэ.

Советскэ Правительствэр быду щогугъу СССР-мрэ Польшэмрэ я народ зэкъуэшхэм и кІэм изгъэсыну немецкэ зэрыпхъуакІуэхэм ябгынныгъэ зауэр икІи быду ягъэтІылъыну Советскэ—Польскэ зэхущытыкІэфІым и лъабжьэр.

Щхьэмыж зыпыт лэжьыгъэхэр къехьэлІэжыныгъэмрэ гъавэр государствэм етыныгъэмрэкІэ Краснэ Знамя зыІэпахыр Іэрылъхьэныгъэмкіэ

ВКП(б)-м и обкомым и бюромрэ гуащІэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и исполкомым и 26-м 1944 гъэм ящІа постановление

ВКП(б)-м и обкомымрэ Облсоветым и исполкомымрэ я Краснэ Знамя зыІэпахыр етыныгъэ кІэщІ, зыпыт лэжьыгъэхэр къехьэлІэжынымкІэ процент 27-рэ нымкІэ процент 39. Районым и колхозхэм июлым и 26 м ирихьэлІу мазэ графикыр лэжьыгъэ тынымкІэ процент 78 ягъэзэщІащ.

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым и секретарь
П. ДЗАРАГАЗОВ.

ГуащІэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым и исполкомым и председатель
М. ДОРОХОВ.

СССР-м щыІэ Польскэ Армиям и верховнэ властыр къэщтэныгъэмрэ икІи Народнэ Армиямрэ СССР-м щыІэ Польскэ Армиямрэ зы Польскэ Дзэ щІыныгъэмрэкІэ Польскэ Национальнэ Советым и

ДЕКРЕТ

Польскэ Национальнэ Советым постановление ещІыр
1. СССР-м щыІэ Польскэ Армиям и верховнэ властыр къэщтэн.

2. Народнэ Армиямрэ СССР-м щыІэ Польскэ Армиямрэ зыгъэзэгъыхьэн.

3. Зэгуэгъыхьа армияхэм щІэуэ фащыр Польскэ дзэ.

4. Польскэ дзэм и верховнэ командование къызэгъэпэщын, абы хыхьэу: Главнокомандующэ, абы и заместитель абхуэдэ къабзу командованием и членхэ.

5. Польскэ дзэм деж генерал щІэхэр фІэщыщынур Верховнэ командованием къызэритым теткІэ Польскэ Национальнэ Советым и Президиумыращ. Нэгъуэщі офицерыр хэр фІэщыныгъэмкІэ хуитыныгъэр Польскэ Национальнэ Советым иретыр Верховнэ командованием.

6. Мы декретым икъутэкъым советскэ-германскэ фронтым щызауэ Польскэ дзэм и соединениехэр Краснэ Армием Верховнэ Командованием епхауэ щытыныгъэр.

ВАРШАВА, июлым и 21-м 1944 гъэм.

Польскэ Патриотхэм я Союзымрэ СССР-м щыІэ Польскэ Армиямрэ зэпхауэ щытынумкІэ Народхэм я Краевой Радэм ищІа

ПОСТАНОВЛЕНИЕ

Народхэм я Краевой Радэр Польшер хуит къэщІыкныгъэмкІэ абы и къарур тэрэзу къэгъэпсыныгъэмрэ икІи руководствэ тэрэз ятыныгъэмрэкІэ польскэ народым и представительствэ закъуэу зэрыщытыр къилъытэкІэ, егъэувыр езым епхауэ щытыну СССР-м щыІэ Польскэ Патриотхэм я Союзымрэ абы епхауэ щыта СССР-м Полскэ Армиямрэ.

Народхэм я Краевой Радэм Польскэ Патриотхэм я Союзым и пщэ ирелъхьэр ди япэкІи игъэзэщІэну СССР-м щыІэ полякхэр культурнэгъэ зыхуэныкъуэныхэмкІэ и социальнэ обеспечениемкІэ лэжьэныгъэр иригъэкІуэкІыну.

Польскэ дзэхэм и Верховнэ Командование къыззгъэпэщыныгъэмкІэ

Народхэм я Краевой Радэм ищІа

ПОСТАНОВЛЕНИЕ

СССР-м щыІэ Польскэ Патриотхэм я Союзыр Народхэм я Краевой Радэм епхыныгъэмрэ икІи Народнэ Армиям Польскэ Армиямрэ зы „Польскэ Дзэ" щІыныгъэмкІэ Народхэм я Краевой Радэм июлым и 21-м 1944 гъэм къыдэкІа декретыр гъэзэщІа хъуным щхьэкІэ Народхэм я Краевой Радэм и Президиумым польскэ дзэхэм я Главнокомандующэу егъэувыр генерал-полковник МИХАИЛ РОЛЮЖИМЕРСКИЙ, заместителеу—генерал-лейтенант ЗИГМУНД БЕРЛИНГ, Командованием и членхэу—полковник МАРИАН СПЫХАЛЬСКИЙ, ЯН ЧЕХОВСКИЙ.

Польскэ народым щхьэкІэ манифест

Национальнэ освобождением и Польскэ Комитетым польскэ народым манифестКІэ зыхуигъэзащ.

„Ди къэралым щалъхуахэ!—жеІэр манифестым,—хуит дыщыхъужьын хуей сыхьэтыр къэсащ. Польскэ армияр Краснэ Армиям и гъусу Буг зэпырыкІащ. Польскэ солдатыр къызтырадзыхуха щІыгум щозауэр. Польшэм щобыбыр бэракъ хужь-плъыжьыр. Польскэ народыр гуфІэгъуэшхуэкІэ пыкъуэкІащ Народнэ Армиямрэ СССР-м щыІэ Польскэ Армиямрэ зы щІыжыныгъэм. Ахэр Польшэм кІуэцІырыкІыныхэщ немецхэм хуамыгъэгъуныгъэр яхьыкІэрэ".

Манифестым хэбгэр ярегъащІэр пІалъэкІэ Национальнэ Советым и парламент зэраухуар, абы хыхьахэщ демократическэ партиям и представительхэу—людовцхэр, демократхэр, посполитхэр, нэгъуэщІ организациехэм я членхэракІ.

„Зауэ народым яуха—Национальнэ Советыр — Польшэм и кІуэцІкІэ законкІэ власт. Лондон щыІэ эмигранткэ „правительствэр" абы и делегатурэ Польшэм щыІэр—езыхэм зыфІащыжа властщ абыхэм я властыр, къаруушІэ властщ ар. А „правительствэм" ирагъэкІуэкІ политикэ мыхъумщІэхэм Польшэр щІэуэ ин гъуэщІ хьэлэчыгъэм хуищІыжыну моментым, ди союзникэ Краснэ Армиям Польскэ дзэ щыгъуэу оккупантхэр ин къэралым щырахуэ моментым деж, къанэ щымыІэу хъуныгъэм щІэзауэ народым руководствэ ятыныгъэм щхьэкІэ властыр бгъэдалъу ипэкІэ властым и центральнэ орган хухуейщ.

Абы щхьэкІэ Польшэм и Национальнэ Советым, полскэ народым пІалъэкІэ игъэпарламентым яухуащ Национальнэ освобождением и Польскэ Комитет, властым и исполнительнэ органу, народым иригъэкІуэкІ зауэм руководствэ етыныгъэм щхьэкІэ, хуеемыпхауэ щытыгъэр хуозэуа икІи польскэ государственностыр зэфІэгъувэжа хъунынгъэм щхьэкІэ".

Абы адэкІэ, манифестым етхыр демократическэ принципкІ хъума хъунынгъэр теухуауэ щытыну польскэ внешнэ политикэр.

ВУ 00233 Редакциим и адресыр: г. Черкесск, Дом Советов, комната № 54.

Ответ. редактор М. САНИ

Черкесскэ областым и государственнэ типографи